

Deklarasyon Inivèsite Harvard Vizavi Milye Travay Lib San-Dwòg

Enfòmasyon sou Konsomasyon Dwòg

Lwa eta a avèk federal, menmjan avèk regleman Inivèsite a, defann anploye genyen dwòg illegal, itilize, oswa distribye dwòg entèdi avèk alkòl.

Site avèk vil yo nan Massachusetts pwoyibe konsomasyon alkòl anpiblik e yo enpoze amand pou vyolasyon yo. Depatman Konsèvasyon avèk Rekreyasyon nan Massachusetts (*The Massachusetts Department of Conservation and Recreation*) pwoyibe konsomasyon alkòl nan pak yo tou.

Inivèsite Harvard pa yon sanktyè kont lwa ki ekziste yo, e li pa kapab konsidere kòmtel. Vyolatè lwa yo pasib pou sibi gwo penalite site a, eta a, ak gouvènman federal la òdone kont yo. Penalite potansyel yo enkli amand avèk kondanasyon nan prizon.

Resewwa Èd

Konsomasyon dwòg nwizib pou sante moun, avèk efè yo fè sou wou depwi nan dezoryantasyon, fatig al nan sikoz, koma e posibman lanmò. Poutèt ris konsiderab yo ki genyen pou sante wou, genyen resous ki disponib pou asiste kominate Harvard la nan konprann avèk metrize konsomasyon dwòg avèk alkòl.

Si wou genyen kesyon oswa pwoblèm alkòl oswa dwòg, oswa si wou panse yon moun wou konnen kapab genyen pwoblèm avèk yo, genyen anpil resous disponib nan zòn Harvard/Cambridge/Boston nan ki disponib. Resous sa yo ap mentni konfidansyalite wou, donk silvouplè pa ezite pou wou itilize yo. Rele Sant University Health Services la pou Byennèt avèk Kominikasyon sou Lasante (UHS Center for Wellness and Health Communication) nan (617) 495-9629 pou plis enfòmasyon.

Regleman Inivèsite a

Deklarasyon an sou dwòg avèk alkòl la te konsevwa pou adrese preyokipasyon Inivèsite a sou konsomasyon dwòg avèk pou asire kominate Harvard la konfòme li avèk Lwa Federal Milye Travay Lib San-Dwòg 1988 (Federal Drug-Free Workplace Act of 1988) la avèk Lwa Amannman Lekòl avèk Kominote Lib San-Dwòg 1989 (Drug-Free Schools and Communities Act Amendments of 1989) la. Regleman sa a aplikab pou tout anploye Harvard, enkli anploye tanporè ki travay mwenske mi-tan (less than half time/ LHT).

Vyolasyon lwa kont sibtans entèdi avèk alkòl proyibe nan lokal Harvard, machin Harvard founi, nan tout milye travay oswa lokasyon kote anploye ap fè travay o mennen nenpòt aktivite Harvard anpati. Sa vle di, pami tout bagay, anploye pa dwe manifikte, distribye, prepare, posede oswa itize dwòg nan milye travay la oswa nan kanpis la. Ekzanp komen yo, jan lalwa define yo, se kokayin, mariwana, avèk eroyin.

Pou mete kominate Harvard okouran lwa ki aplikab yo, Biwo Avoka Jeneral Inivèsite (*Office of the General Counsel*) a prepare yon deskripsiyon dwa local, eta a, avèk federal yo konsènan dwòg avèk alkòl. Yon kopi memo sa a disponib sou demand.

Inivèsite a ap pran mezi disciplinè kont kontravenan yo ankonsistans avèk lwa local, federal ak eta a. Yon aksyon parèy kapab yon patisipasyon obligatwa satifezan nan yon tretman kont konsomasyon dwòg, konsèy, oswa pwogram edikasyon kòm kondisyon pou reyentegrasyon, oswa mentni travay wou; sispansyon; revokasyon; oswa refere wou bay lajistik pou pouswi wou.

Finalman, pou asire Harvard konfòme li avèk lwa Milye Travay Lib San-Dwòg la, anploye ki ta kondane pou vyolasyon nenpòt lwa kriminel kont dwòg ki te fèt nan milye travay la dwe rapòte kondanasyon sa a bay sipèvizè

dirèk li a nan senk jou. Lwa Milye Travay lib San-Dwòg la poze yon konfòmite estrik ak lwa a kòm kondisyon pou travay nan tout kontra oswa sibvansyon gouvènman. Nan di jou aprè enfòmasyon sou yon kondanasyon pou aktivite dwòg nan milye travay sibvansyone oswa kontra yon ajans federal fonde, Harvard dwe notifye ajans ki bay fon an sou kondasyon sa a.